# Ҳәр бир гектарда бир шанарақ жумыс пенен тәмийинленеди

Елликқала районы ҳәкими пресс-конференцияда инвестициялық жойбарлар бойынша журналист ҳәм блогерлерге мағлыўмат берди.

“Элликқалъа саҳовати” ЖШЖға “Топырақ қала” мәҳәлле пухаралар жыйыны аймағынан жүзимзарларды егиў ушын 1000,0 гектар жер майдан ажыратып берилген болып, жойбар еки басқышта әмелге асырылады. Биринши басқышта 1000 гектар майданда жүзим плантациялары шөлкемлестирилип, 1000 нан аслам жаңа жумыс орынлары жаратылады (ҳәр гектарда бир шаңарақ жумыс бенен тәмийинленеди). Екинши басқышта плантацияларда жетистирилген жүзимнен 35 мың декалитр коньяк, вино өнимлерин ислеп шығарыў кәрханасы иске түсириледи ҳәм 55 жаңа жумыс орны жаратылады. Сондай-ақ, ислеп шығарылған өнимлер тийкарынан экспортқа бағдарланады.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Бүгинги күнде кәрхана тәрепинен 500,0 гектар майданда жүзимниң қарақамыс, мерс, куржэниский, рексотели, виникабрений сыяқлы сортлары егилди ҳәм 300 ден аслам халықтың бәнтлиги тәмийинленди. Сондай-ақ, Италияның “Della Toffola S.P.A” компаниясы менен баҳасы 2 млн 970 мың евро болған заманагөй жүзимди қайта ислеўши үскенелерди жеткерип бериў бойынша шәртнама дүзилди.

ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети